



Gen kèk marengwen ki ka transmèt Viris Nil Oksidantal ak Viris Ansefalit ekin Lès (EEE).

Pou plis enfòmasyon sou viris sa yo, tanpri vizite sit Entènèt nou an ki pi ba a oswa sit Entènèt MA DPH nan:

www.mass.gov/dph/mosquito



Pwojè kontwòl marengwen nan konte Bristol (BCMCP)

Jere
Marengwen
Toutotou kay la

Deklarasyon misyon BCMCP

Pou sèvi kominote yo lè n elimine popilasyon marengwen yo ki nuizib e ki pote maladi yo nan nivo ki akseptab yon fason ki montre plis respè pou anviwònman an e ki pi ekonomik. Nou itilize divès metòd yon fason pou redui efè sa ka gen sou moun, bèt nan bwa, òganis vivan ak anviwònman an.

[Recipient]
[Street Address]
[City, ST ZIP Code]

www.mass.gov/eea/bristolcountymosquitocontrol

Suiv nou sou X

@**BCMCPMOSQ**

Voye demann spray nan imel:
REQUESTBRISTOLMCP@comcast.net

BCMCP
38R Forest Street
Attleboro, MA 02703

Telefòn (508) 823-5253
Faks (508) 828-1868



Elimine dlo k ap dòmi!

Marengwen kale nan dlo k ap dòmi.
Elimine dlo k ap dòmi se fason ki pi fasil pou anpeche gen anpil marengwen toutotou kay ou.

- Chak semèn, chanje dlo nan kote zwazo konn benyen, ti pisin pou timoun yo, ak kote bèt konn vin bwè dlo.
- Kouvri poubèl yo oswa fè twou pa anba pou dlo ka koule.
- Retire tout resipyan atifisyèl nan pwopriyete w la.
- Mete jwèt timoun yo anndan si yo ka pran dlo.
- Basen kote yo fè bèbèl ak dlo a dwe gen yon kote pou lè antre oswa yo dwe chanje dlo a souvan. Yo ka mete pwason ladan l tou k ap manje lav marengwen yo.



Sonje pou retire tout resipyan ak lèt bagay ki ka kenbe dlo.

Twou pyebwa yo ak souch ki pouri yo ka kenbe dlo tou.

Ranpi zòn sa yo ak sab pou anpeche yo plen ak dlo.



Fè antretyen nan kay la

- Repare oswa ranplase tout skrin pou fenèt ak pou pòt ki gen pwoblèm yo.
- Veye pou goutyè yo rete pwòp e pa gen fatra, goutyè ki bouche yo ka fè vin gen dlo k ap dòmi.
- Repare tiyo ak robinè deyò k ap jete dlo.
- Veye pou pa gen dlo k al rete anba klimatizè yo.
- Sistèm pou filtre ki nan pisin yo dwe byen fonksyone.
- Yo dwe retire dlo nan pisin yo pap itilize, ranpli yo oswa trete yo ak pwodui chimik.

Men kèk kote li pi fasil pou bèt kale ozalantou kay ou:

- Resipyan atifisyèl (Po, bwat konsè, bokit, kawotchou, elatriye)
- Sa ki kenbe dlo
- Kouvèti pisin
- Prela
- Po flè ki pap sèvi
- In
- Pisin pi pap sèvi
- Bagay pou pran dlo lapli

Lè w deyò

- **Met bagay sou po pou pwoteje l.** Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande pou sèvi ak pwodui ki gen DEET (pa mete l sou tibebe), Pikaridin ak luil vejetal ki fèt ak ekaliptis sitwone (pa mete l sou timoun ki gen mwens pase twazan).
- **Mete rad ki gen koulè klè** (Koulè fonsse yo rale marengwen) ak chemiz manch long ak pantalon long si w deyò ant lè solèy la pral kouche ak lè l pral leve.
- **Mete moustikè** sou ti machin pou timoun, pousèt ak pak pòtatif pou timoun jwe, pou plis pwoteksyon.